# Joqarǵı Keńes Baslıǵı Moynaqta bir qatar obektlerdiń ashılıw máresiminde qatnastı

**Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Kamalov 27-noyabr kúni Moynaq rayonında paydalanıwǵa tapsırılǵan bir qatar obektlerdiń ashılıw máresimlerinde qatnastı**.

Image not found or type unknown

Dáslep jańadan qurılǵan «Toqpaq ata» jámáát meshitiniń ashılıw máresimi bolıp ótti. Onda Qaraqalpaqstan musılmanları qazıyatınıń wákilleri, nuranıylar, keń jámiyetshilik wákilleri qatnastı.
«Toqmaq ata» meshiti bir ўaqıttıń ózinde 300 adamdı óz ishine sıydıra aladı. Miymanlar meshitte jaratılǵan sharayatlar menen tanıstı, marhumlardıń ruwxına Quran oqıldı.
Bunnan soń respublika basshısı rayonlıq Mádeniyat orayında rayon jasları menen ushırasıp, olar menen sáwbetlesti, jaslardıń pikir hám usınısların, mashqalaların tıńladı.

Image not found or type unknown

Ushırasıўda jaslardıń múrájatlarında aytılǵan mashqalalı máselelerdi sheshiў boyınsha Moynaq rayonı hákimi E.Edenbaevqa tapsırmalar berildi. Jaslar joqarı oqıў orınlarına kiriўde berilgen jeńillikler tiykarında bıyıl moynaqlı 500 den aslam jastıń student bolıў baxtına miyasar bolǵanı ushın Prezidentimizge sheksiz minnetdarshılıq bildirdi.
Joqarǵı Keńes Baslıǵı Moynaq rayonı orayında “TURSINBEK DENT” JShJ tárepinen paydalanıwǵa tapsırılǵan «TURSINBEK DENT» stomatologiya jeke menshik klinikası, «ARAL HOTEL MUYNAK» juўapkershiligi sheklengen jámiyetiniń «Teńiz» miymanxanasınıń saltanatlı ashılıў máresimlerinde qatnasıp, bul orınlarda xalıqqa xızmet kórsetiw ushın keń imkaniyatlar menen tanıstı.

Image not found or type unknown

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Kamalov «Mўynoq porloq teks» tigiўshilik fabrikasında bolıp, bul jerde jumıs islep atırǵan hayal-qızlar menen sáўbetlesti, kárxanada olardıń miynet etiwi ushın jaratılǵan sharayatlar menen tanıstı. Sonıń menen birge, Moynaq rayonlıq Máhálle hám shańaraqtı qollap-quўatlaў bólimi imaratınıń qurılıs jumısları menen tanıstı.
Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń baspasóz xızmeti